8

f0,10.

NGENTOSI
PANDJENENGAN!

AN NASIONAL RI
BL
:
-
78

BALÉ - POESTAKA
BATAVIA - C.

INTERNATIONALE CREDIET- EN HANDELS-VEREENIGING „ROTTERDAM."

Manawi badé moendoet kabetahan Nėnoen kaḋosdéné :

Lawé
Soda Aboe
Soda Api
Azijnzuur
Zoutzuur
Kalium bichromaat
Glauberzout
lan sanès-sanèsipoen

Ingkang saé lan mirah pijambak ḍateng

Toko ROTTERDAM

1 6 DEC 2022

Serie No. 1313

PAKARJAN „COÖPERATIE SARTA DAGANG NGLEBET NAGARI"

(DEPARTEMENT ECONOMISCHE ZAKEN)

KBL : - 778

PRATIGNJOHARSOJO

1938
BALE POESTAKA
BATAVIA-C.

PERPUSTAKAAN NASIONAL RI

Rawoeh-dalem I. W. K. T. Goepernoer Djéndral ing papan pambatikan gadahanipoen toewan Wongsodinomo (Pangarsa Batikbond P.P.B.B.S. ing Sala).

Tanggal : 21 /12 / 2022
Item ID : 00008611932
No. Induk : 20220010607852l
BIB-ID : 0010- 1222002295
Beli/Hadiah : SETIYARSO / DNR

Pandjenengan sampoen priksa, bilih pakarjan Coöperatie poenika koewadjibanipoen soeka sesoeloeh ḍateng tijang kaṭah ing bab coöperatie. Coöperatie tegesipoen njamboetdamel sesarengan. Dados pakarjan Coöperatie poenika padamelanipoen soeka rembag oetawi soeka sesoeloeh ḍateng tijang-tijang ingkang nijat baḍé njamboetdamel sesarengan ing babagan economie. Oepami wonten tijang sawatawis, gaḍah nijat nglempakaken arta sarana ngadjegaken njèlèngi; preloenipoen, manawi betah arta samangsa-mangsa sampoen ngantos kapeksa njamboet mawi sareman ingkang boten sakeḍik ḍateng tijang ingkang damelipoen ngrèntenaken arta, nanging sageda njamboet tjèlènganipoen pijambak kanṭi sareman majar; poenika tijang ingkang gaḍah sedya kados makaten waoe kénging neḍa seserepan ḍateng pakarjan Coöperatie moerih sagedipoen ngedegaken „Credietcoöperatie" ingkang kados makaten waoe. Boten namoeng ing kalanganipoen bangsa djaler, sanadjan ingkang dipoen degaken déning golonganipoen para èstri inggih sampoen pinten-pinten (ingkang kaṭah ing tanah Djawi-kilèn).

Tijang baḍé damel „verkoopcoöperatie" (Coöperatie njenjadé), oepami tijang tani sawatawis sami adjak-adjakan njadé pantoenipoen oetawi katjangipoen sesa-

Kobis ingkang dipoen oesoengi warga „Sinar-Tani" dateng halte, badé kakintoenaken dateng Singgapoera medal Soerabaja.

rengan, tijang-tijang waoe oegi saged neḍa seserepan ḍateng pakarjan Coöperatie.

Kadjawi saking poenika, pandjenengan mbokmanawi inggih priksa, bilih ing Departement Economische Zaken wonten pakarjan énggal, inggih poenika „Pakarjan sesoeloeh dagang nglebet nagari" (Dienst voor de Binnenlandsche Handelsvoorlichting). Nanging pakarjan-poenapa pakarjan waoe, sarta poenapa ingkang dipoen tindakaken, mbokmanawi pandjenengan dèrèng priksa, oetawi sanadjan priksa inggih dèrèng ḍamang saèstoe. Mila pakarjan waoe samangké baḍé koela tjarijosaken. Mbokmanawi wonten paédahipoen toemrap pandjenengan oetawi toemrap mitra-karoeh pandjenengan.

Pakarjan sesoeloeh dagang nglebet nagari, poenika wontenipoen nalika taoen 1936, dados péranganipoen Departement Economische Zaken.

Pandjenengan sampoen priksa, malah sadinten-dinten temtoenipoen inggih anjipati, padagangan ing tanah Djawi, poenika ingkang kaṭah ingkang nindakaken sanès bangsa Priboemi. Saja malih padagangan ingkang ragi ageng. Leres ing peken-peken kaṭah bangsa Priboemi ingkang sesadéan, nanging tijang-tijang waoe namoeng bakoel alit-alitan kémawon, oetawi lepatipoen bakoel alit, inggih tijang tani ingkang betah arta.

Grija-grija ing (Centrale Rubbercoöperatie) poeseripoen Coöperatie-karèt ing Leuwiliang (Bogor).



Loemboeng bibit gadahanipoen pakempalan „Sinar-Tani" ing doesoen Kedjajan (Bandawasa). Mendet pantoen badé kasebar.

ḍateng peken preloe njadé woeloe-wedaling sabin oetawi kebonipoen. Ingkang nama soedagar oetawi djoeragan, ingkang damelipoen kekilak ḍateng ing ḍoesoen-ḍoesoen, ladjeng kasadé malih ḍatjinan oetawi grobagan, namoeng sakeḍik, oetawi awis-awis.

Toko-toko ing kiṭa ingkang ageng-ageng dalah ing paḍoesoenan, poenika sadaja ingkang gaḍah sanès bangsa Priboemi, nanging bangsa Tiong Hwa, inggih poenika bangsa ingkang ing bab dedagangan pantes dipoen tiroe. Ingkang dipoen dagang boten namoeng barang ingkang awis-awis ingkang wedalan saking tanah ngamantja kémawon, nanging oegi kabetahan ingkang mirah-mirah ingkang adatipoen namoeng bangsa Priboemi pijambak ingkang noembasi (katjang gorèng, lajangan).

Samangké prajogi mriksani bangsa tani, inggih poenika bangsa Priboemi ingkang kaṭah pijambak tjatjahipoen. Bangsa tani poenika padamelanipoen nenanem. Anggènipoen nenanem mawi dipoen pitoeloengi oetawi angsal sesoeloeh saking Pakarjan sesoeloeh tani. Pakarjan waoe temtoenipoen pandjenengan sampoen sami priksa, katjeloekipoen nama „Kantor lanbao". Oetawi botenipoen priksa kantor lanbao, temtoenipoen inggih sampoen naté mireng tijang oendang-oendang „toewan oetawi ndara adjoeng lanbao", „manḍor oetawi mantri lanbao".



Oetoesanipoen warga ,,Coöperatie Moeder Centrale'' nalika kempalan taoenan ing Bandoeng.

Pangrèhipoen Batikbond P.P.B.B.P. ing Ngajodja. Pangarsa toewan Djajèngskarso, linggih angka 2 saking kiwa.

Oepami wonten bangsa tani nanem pantoen oetawi sata ; wedalipoen saé, poenika manawi ladjeng kapeksa njadé woeloe-wedaling sabinipoen djalaran baḍé mbajar landrente, sarèhning èwed-pakèwedipoen tijang sadétinoembas boten ngretos, njadénipoen inggih ladjeng namoeng ḍateng sinten ingkang kapanggih roemijin. Pados oetawi madosi tijang ingkang wantoen regi kaṭah, sampoen temtoe kémawon boten saged, awit boten soemerep reregèn ingkang dados oemoemipoen ing ḍoesoen-ḍoesoen. Oetawi malih samangsa mranggoeli ingkang poeroen toembas, aḍakanipoen badan sampoen sajah saking anggènipoen mojang-mojong. Wasana tékadipoen inggih ladjeng namoeng „waton pajoe".

Wonten malih kawontenan ingkang limrah toemrapipoen bangsa tani, inggih poenika anggènipoen boten roekoen manawi sesadéan. Woeloewedaling sabin oetawi tegil, anggènipoen njadé temtoe pijambak-pijambak. Makaten oegi anggènipoen ngregèni, inggih manoet kadjengipoen pijambak-pijambak. Djalaran saking anggènipoen boten adjak-adjakan waoe sampoen temtoe kémawon boten baḍé saged angsal reregèn inggil. Pantjèn inggih sampoen adatipoen bangsa tani, samangsa sesadéan, pepadjenganipoen temtoe langkoeng anḍap tinimbang reregènipoen. Nanging oepami nalikanipoen baḍé njadé woeloe-wedaling sabin oetawi



Pengoeroes „Familiebond" ing Sala :
1. t. S. H. Prijosoemarto ; 2. t. M. Kartosoemarto ;
3. t. S. H. Wirjomartono; 4. t. S. H. Tjokrosoemarto.

Rawoeh-dalem I. W. K. T. Goepernoer Djèndral ing papan pambatikanipoen toewan R. Wongsodinomo (Pangarsanipoen P.P.B.B.S.) katampénan pangrèhipoen pakempalan dalah sémahipoen.

PERPUSTAKAAN NASIONAL RI

tegilipoen waoe mawi rembagan oetawi adjak-adjakan roemijin, sampoen temtoe boten makaten.

Ladjeng anggènipoen asring boten poeroen milah-milah daganganipoen ; ageng-alit, awon-saé, dipoen wor kémawon, poenika inggih nama satoenggaling tjatjad, sanadjan tjatjad ingkang sampoen limrah. Saben sesadéan boten naté mawi dipoen pilihi roemijin. Mangka kempalipoen barang awon kalijan barang saé, poenika temtoe damel soedaning reregèn.

Kawontenan ingkang kapratélakaken ing nginggil waoe sadaja nélakaken, bilih bangsa tani poenika ing bab dedagangan pantjèn sarwa kirang oetawi pantjèn inggih sepen ing pangoedi. Ingkang makaten waoe poenapa djalaran saking anggènipoen boten kadoe-noengan ḍasar bab dedagangan, oetawi poenapa dja-laran saking anggènipoen boten opèn, boten mikiran, prakawis poenika boten saged ngatoeraken. Ingkang sampoen genah, bangsa Priboemi poenika sagedipoen namoeng *nenoembasi. Damel* boten saged, *njadé* inggih boten ngretos.

Kadjawi saking poenika ladjeng taksih wonten malih kawontenan ingkang damel seḍihing manah, inggih poenika anggènipoen wonten golongan Priboemi ing-kang boten namoeng boten anggatosaken kémawon ḍateng bangsa dagang, nanging malah njepèlèkaken.

Pangrèhipoen P.P.B.B.S. ing Sala (linggih) kalijan para warga Comite-tetakan. Dèrèng dangoe poenika Batikbond mentas netakaken laré 115 anaking tijangipoen para warga, boten kanti narik prabéja. Dipoen wontenaken karaméan ageng-agengan. Pangarsanipoen P.P.B.B.S. poenika toewan Wongsodinomo (linggih, angka 4 saking kiwa), déné secretarisipoen (alit nanging madjeng ing damel) toewan Hadji Moefti (linggih angka 1 saking kiwa). Ingkang linggih mawi setélan toewan Poesposoemarto, commissaris peng-pengan, angsal paraban „Plintengipoen P.P.B.B.S." saking anggènipoen tansah soemagah nindakaken poenapa pakènipoen pakempalan sarta saking anggènipoen saben-saben dipoen kèngkèn dateng Departement Economische Zaken preloe ngrembag kabetahanipoen P.P.B.B.S. Ingkang linggih angka 2 saking tengen, H. M. Soffwan, ingkang andarmani kantor dateng pakempalan.

Kosokwangsoelipoen ḍateng golongan prijantoen oetawi kaprijantoenan, anggènipoen ngoenggoel-oenggoelaken kesangetan. Panganggep ingkang koela wastani anjeḍihaken waoe katingalipoen manawi wonten ing padjagongan. Alit nanging prijantoen, temtoe angsal panggénan „nganḍap talang". Kosokwangsoelipoen pinter toer soegih, nanging soedagar, inggih namoeng wonten ing nganḍap. Mbokmanawi gagasanipoen: „moeng soedagar wé kok". Pandjenengan pijambak mbokmanawi dèrèng naté mregoki lelampahan ingkang kados makaten waoe. Moegi-moegi kémawon sampoen ngantos limrah mrika-mrika, oetawi toemoentena itjal babarpisan.

Inggih anggènipoen bangsa Priboemi kirang madjeng ḍateng bab dedagangan poenika ingkang toemrap Pamaréntah ladjeng dados sabab ngawontenaken pakarjan, ingkang dipoen pidji soeka pitoeloengan oetawi sesoeloeh ing bab dagang ḍateng bangsa Priboemi.

Djalaran saking anggènipoen kapidji kapoerih soeka pitoeloengan oetawi sesoeloeh ḍateng tijang kaṭah waoe Pakarjan boten teka kapoerih njadèkaken dagangan-ipoen. Boten. Anggènipoen mitoeloengi oetawi njoekani sesoeloeh sarana nedahaken tijang ingkang kénging dipoen tawèni daganganipoen, oetawi nepangaken rembag kalijan tijang ingkang kénging dipoen tawèni daganganipoen waoe.

Pangrèhipoen Credietcoöperatie ,,Pasoendan Istri'' (Pasi) ing Bandoeng. Pangarsa njonjah Halimah Poerwana, angka 2 saking tengen.



Kantor Batikbond P.P.B.B.S. (Persatoean Peroesahaän Batik Boemipoetera Soerakarta) ing Nglawéjan, Sala, gadahanipoen warga Hadji M. Soffwan, kasamboetaken lelahanan dateng pakempalan.

Toewan Djajèngskarso (tengen). Pangarsa P.P.B.B.P. ing Ngajodja, kalijan Directeur-verkooper ingkang tandang ing damel, toewan A. Zarkasi.

Oetawi malih inggih sampoen ngantos kalintoe tampi. Pakarjan waoe boten mitoeloengi ḍateng tijang ingkang namoeng gaḍah dagangan sakeḍik. Boten saben wonten tijang nawèkaken wosipoen oetawi katjangipoen saḍatjin oetawi tigang ḍatjin ladjeng dipoen tedahaken tijang ingkang poeroen toembas. Boten. Boten kober Pakarjan ngladosi ingkang namoeng samanten-samanten waoe. Oetawi malih tijang ingkang damelipoen kilak inggih boten poeroen nampèni barang saking sakeḍik: kekaṭahen baoe, kekaṭahen soekoe. Dagangan ingkang namoeng samanten prajogi kasadé pijambak wonten ing ḍoesoenipoen.

Ingkang dipoen angkah Pakarjan waoe, tijang-tijang tani poenika kapoerih sesarengan anggènipoen njadé woeloe-wedaling sabin oetawi tegilipoen. Kados ingkang sampoen toemindak ing Bandawasa, ing Djember, ing Koeningan: saben sadé pantoen, sata, kobis, katjang-tanah inggih sesarengan. Djalaran saking sesarengan waoe, anggènipoen nepangaken rembag kalijan djoeragan ingkang ageng gampil. Djalaran djoeragan ageng poenika langkoeng remen tetoembas sapisan broek tinimbang kalijan pating krentjil.

Dados koela wangsoeli malih, Pakarjan boten saged soeka pitoeloengan ḍateng tijang tani baka satoenggal. Prakawis poenika preloe koela tjeṭakaken ing ngriki:

Toewan Djajèngskarso (Pangarsa P.P.B.B.P. ing Ngajodja) kalijan ingkang èstri, baoe tengenipoen.

Pangrèhipoen bank ,,Himpoenan Soedara'' ing Bandoeng. Nalika taoen 1936 mèngeti adegipoen sampoen madeg 30 taoen. Njarengi kalijan karaméan pèngetan waoe, Pangarsa (toewan Masdoeki linggih ing tengah) sarta Hartaka (toewan R. Hadji Doewaeni, linggih ing tengen) sami kagandjar bintang slaka. minangka tjihnanipoen Pamaréntah anggènipoen ngaosi dateng lelabetanipoen ing babagan economie.

sabab kerep kémawon Pakarjan sesoeloeh dagang tampi prasaben ingkang kados makaten waoe.

Ing nginggil sampoen kapratélakaken bilih Pakarjan sesoeloeh dagang poenika soeka sesoeloeh ing bab panjadénipoen barang. Nanging toemrap ingkang baḍé kekilak, Pakarjan inggih kénging dipoen teḍani pitoeloengan. Oepami wonten djoeragan oetawi soedagar prasaben nakèkaken tijang ingkang kénging dipoen kilaki djagoeng, katjang oetawi gaplèk. Pakarjan temtoe soeka pitoeloengan, nepangaken rembag djoeragan waoe kalijan tijang ingkang damelipoen sadé.

Dados Pakarjan sesoeloeh dagang poenika koewadjibanipoen soeka pitoeloengan oetawi soeka sesoeloeh ḍateng tijang kaṭah, ingkang preloe bangsa Priboemi, moerih sageda pepadjengan anggènipoen njadé woeloewedaling sitinipoen oetawi barang dedamelanipoen. Déné manawi bangsa tani gaḍah nijat ngedegaken pakempalan, nata anggènipoen sesadéan, djalaran kepéngin daganganipoen angsala reregèn langkoeng, poenika saoeger wonten prasabenipoen kémawon, Pakarjan dagang poeroen soeka pitoeloengan oetawi sesoeloeh, malah manawi preloe inggih poeroen soeka toentoenan barang. Oepami wonten soedagar-baṭik oetawi soedagar-saroeng kepéngin sesarengan toembas barang kabetahanipoen (mori, malam, benang, tèrès)

Kantor ngiras papan pakempalanipoen bank ,,Himpoenan Soedara'' ing Bandoeng (Moskeeweg No. 7) (sampoen gadahanipoen pijambak).



Tanggal 1 Mei kantor gadahanipoen pakempalan-pakempalan dagang Priboemi ing Kalibesar West 27 Batavia Stad (lotèng ingkang tjendelanipoen menga) kabikak. Ingkang sami kantoran ing ngrikoe ,,Malaya Import Mij'', Producten-handel Rais & Co, N. V. Chandas & Co, N. V. Cultuur en Crediethandels Mij ,,Beta-Mal'' sarta R. N. Lubis.

awit kepéngin angsal regi mirah, poenika Pakarjan oegi kanṭi ḍangan soeka pitoeloengan oetawi sesoeloeh. Makaten oegi manawi dipoen teḍani toeloeng, Pakarjan oegi poeroen saben-saben soeka katrangan bab reregènipoen barang ing salah-satoenggal oetawi sawatawis panggénan, preloenipoen soepados para soedagar oetawi bakoel sageda ngintoenaken barangipoen mrika, ingkang woesananipoen saged angsal reregèn saé.

Sasampoenipoen nganḍaraken poenapa ingkang kapratélakaken ing nginggil, minangka katrangan, preloe ing ngriki dipoen pratélakaken bilih Pakarjan sesoeloeh dagang nglebet nagari, poenika saweg namanipoen kémawon sampoen mratélakaken bilih ingkang dados koewadjibanipoen namoeng soeka pitoeloengan ing bab d a g a n g s a l e b e t i p o e n t a n a h I n d i j a. Toemrap dedagangan kalijan tanah-tanah sadjawining tanah Indija, ingkang wadjib soeka pitoeloengan saha katrangan „Propaganda lan sesoeloeh dagang sadjawining nagari".

Kados déné ingkang sampoen kapratélakaken ing ngadjeng, Pakarjan sesoeloeh dagang nglebet nagari poenika oegi koewadjiban soeka sesoeloeh lan soeka rembag ḍateng tijang kaṭah ing bab ngedegaken pakempalan (toembas barang oetawi njadé barang sesareng-

Toewan Masdoeki (Pangarsanipoen bank „Himpoenan Soedara") kalajan sémahipoen.

Toewan saha njonjah Wongsodinomo. Njonjah Wongsodinomo dados pikoewat saha tetoewak ing lebet kelir. Oepami boten angsal pitoeloenganipoen ingkang èstri, toewan Wongsodinomo boten badé saged nindakaken sesanggemanipoen anggènipoen dados panoentoenipoen Batikbond, awit sesanggeman waoe awrat.

an). Koewadjiban waoe dados noenggil-misah kalijan koewadjibanipoen Pakarjan coöperatie.

Sarèhning Pakarjan kekalih waoe ing bab coöperatie koewadjibanipoen sami, sarta toemindaking damel inggih mèh boten wonten bédanipoen, mila ladjeng wonten poetoesan : kalih-kalihipoen dipoen dadosaken satoenggal, nama „Pakarjan coöperatie lan dagang nglebet nagari". Déné koewadjibanipoen ladjeng dados soeka sesoeloeh, boten namoeng ing bab dagang, nanging oegi ing bab coöperatie.

Sarèhning ing ngadjeng wongsal-wangsoel koela ngatoeraken bab toembas oetawi sadé sesarengan, mbokmanawi wonten goenanipoen manawi samangké koela oegi ngatoeraken satoenggal-satoenggalipoen pakempalan ing kalanganipoen bangsa tani oetawi bangsa krija ingkang oegi sami tetoembas oetawi sadé sesarengan, kanṭi mratélakaken poenapa ingkang sami katindakaken. Nanging inggih namoeng tjekakan.

Koela wiwiti saking pakempalan tani „Sinar-Tani" ing Djember toewin Bandawasa. Pakempalan waoe toemindakipoen kanṭi toentoenanipoen Pakarjan sesoeloeh tani. Ingkang dipoen tindakaken boten namoeng bab njaèkaken pananemipoen pantoen, kobis, sarta keḍelé kémawon, oegi sadé sesarengan. Bab inḍaking wedalipoen taneman pantoen, anggènipoen ngoedi sarana



Warga ,,Sinar-Tani'' ing Bandawasa dipoen ben ing bab saénipoen ngolah krosok, ingkang ngaben Pakarjan sesoeloeh tani Provincie Djawi-wétan. Prisipoen abenabenan waoe : lemboe, wloekoe, patjoel, panganggé, piring, lan sanès-sanèsipoen.

Kantor dalah goedang gadahanipoen coöperatie-tenoen ,,Roekoen-Pamili'' ing Madjalaja (Bandoeng).

jasa loemboeng wonten ing ḍoesoen-ḍoesoen. Ing loemboeng waoe dipoen saḍijani bibit pantoen, pilihan saking pantoen ingkang kaṭah wedalipoen, sarta ingkang dipoen remeni ing tijang. Dipoen saḍijakaken ing ngrikoe preloe dipoen tanem ing mangsa tanem tjanḍakipoen.

Déné ingkang damel misoewoeripoen pakempalan waoe, inggih poenika anggènipoen njadé kobis, — ingkang kaṭah kasadé ḍateng Singgapoer. Kobis Djember sarta Bandawasa wonten ing Singgapoer misoewoer saé, djalaran ḍasaripoen pantjèn saé. Lokipoen tijang ing ngrika amastani „Koankiakool". Tjaranipoen ing pakempalan „Sinar-Tani" poenika poenapa-poenapa sesarengan, toembas widji sareng, toembas raboek sareng, toembas djampi kanggé noelak ama (oeler) inggih sareng. Poenapa malih panjadénipoen kobis, ḍasar poenika ingkang dados padamelan bakoe. Déné krandjang ingkang kanggé ngintoenaken, poenika ingkang damel para warga. Ladjeng kasadé ḍateng pakempalan. Kobis ingkang baḍé kakintoenaken mawi dipoen pilih. Boten saoeger kobis.

Ngintoenaken kobis ḍateng Soerabaja mawi sepoer, ladjeng ḍateng Singgapoer mawi baita, poenika nganggé arta. Arta waoe ingkang njoekani samboetan Alg. Volksredietbank.

Wonten ing Singgapoer kobis waoe ingkang mrati-

Coöperatie-batik ing Troesmi (Tjirebon) andoem lantjeng lan malam dateng warga.

Kantor gadahanipoen Centrale Crediet Coöperatie ,,Itikoerih Hibarna'' ing Tjiparaj (Bandoeng). Ing tengah toewan M. Rangga Amongpradja, bapa sarta panoentoening pakempalan. Seseboetan ,,Rangga'' paringan saking Nagari katrimah anggènipoen gadah lelabetan ing bab coöperatie.

kelaken panjadénipoen Commissionair, mawi dipoen awat-awati Adj. tuinbouw-Consulent. Ing dalem saoengsoem ratjakipoen Sinar-Tani saged njadé 7000 quintaal, kirang-langkoeng 11000 ḍatjin.

Pakempalan tani sanèsipoen ingkang oegi amboedidaja bab panjadénipoen woeloe-wedaling tetanèn, oepaminipoen Coöperatie-pelem ing Indramajoe, Coöperatie-karèt ing kaḍistrikan Leuwiliang (Bogor). Warganipoen Coöperatie-karèt ing Leuwiliang, poenika sami katamtokaken lados „latex" ḍateng pabrik gaḍahanipoen Coöperatie. Wonten ing ngrikoe „latex" waoe dipoen otjal dados „sheet". Pangotjalipoen mawi toentoenanipoen bangsa ahli sarta mawi dipoen awat-awati Afdeeling Nijverheid Departement Economische Zaken.

Sanèsipoen poenika ing Koeningan wonten malih pakempalan tani pinten-pinten dasa ingkang damelipoen kadjawi njadé woeloe-wedaling pasitèn sesarengan (katjang-tanah) oegi njéwa oetawi pados séwan siti. Siti waoe manawi sampoen angsal ladjeng dipoen „palihaken" ḍateng para warga kapoerih nggarap, oetawi inggih dipoen tanemi ḍateng pakempalan pijambak.

Kadjawi pakempalan tani, pakempalan „karadjinan" (Nijverheid) oegi kaṭah. Oepaminipoen kémawon Coöperatie-baṭik ing Troesmi (Tjirebon). Pakempalan waoe laminipoen madeg sampoen 2½ taoen, sarta ing-



Kantor Batikbond P.P.B.B.P. (Persatoean Peroesahaän Batik Boemi Poetera) ing Joedanagaran (Ngajodja).

Para warga „Sinar-Tani" sami milihi ladosan widji Juncea. Widji crotalaria juncea tanemanipoen para warga kasadé sesarengan.

gih njata jèn maédahi toemrap para warga. Ingkang dipoen tindakaken: toembas sesarengan poenapa kabetahanipoen tijang njerat, medel sarta njoga (mori, malam, tèrès oetawi tjèt lan sanès-sanèsipoen). Ḍawahipoen sadaja-sadaja saged angsal mirah. Mirahing reregènipoen baḍé, andjalari inḍaking bebaṭèn. Namoeng bab njadèkaken seratan gaḍahanipoen para warga, poenika pakempalan ingkang roemaos dèrèng ketjonggah. Mila ngantos sapriki panjadénipoen seratan katindakaken ḍateng para warga pijambak.

Coöperatie-baṭik sanèsipoen ingkang ragi ageng, ingkang wonten ing Ngajodja toewin ing Sala. Ing Ngajodja P.P.B.B.P. (Persatoean Peroesahaän Batik Boemi Poetera), ing Sala P.P.B.B.S. (Persatoean Peroesahaän Batik Boemipoetera Soerakarta). Pakempalan kekalih waoe ingkang ageng sarta santosa, pakempalan ing Sala. Sawoelan-woelanipoen arta ingkang kanggé kilak mori kémawon wonten *f* 82.000. Manawi ing Ngajodja namoeng *f* 12.000. Awit saking pitoeloenganipoen Departement Economische Zaken, pakempalan-pakempalan waoe, makaten oegi pakempalan ing Troesmi, sampoen sami saged toembas mori pijambak ḍateng para importeurs.

Pakempalan baṭik ingkang madegipoen dèrèng dangoe inggih poenika pakempalan ing Pekadjangan (Pakalongan), ingkang ngedegaken para warganing

Wiwit Januari 1938 ing Betawi dipoen wontenaken Import Mij Priboemi ,,Malaya Import Mij''. Ingkang dados aandeelhouder: N. V. Djohan Djohor, Toko Delima, N. V. Chandas & Co, Rais & Co, sarta Toko Mohamad Thahir. Saking kiwa manengen: toewan-toewan Djohan (Djohan Djohor), Datoek Sati (Delima), A. Dasaad (Chandas & Co.), Mr. Soedjono (Secretaris) Ghani Aziz Rais (Rais & Co), Mohamad Thahir (Toko Moh. Thahir), sarta Djohor (Djohan Djohor).



Pangrèhipoen coöperatie-tenoen ,,Roekoen-Pamili'' ing Madjalaja (Bandoeng). Pangarsa toewan M. Idjra, linggih angka 2 saking kiwa. Ing wingking, lemantoen pasimpenan saroeng.

pakempalan Moehammadijah ingkang sami madjeng-madjeng.

Pakempalan „karadjinan" ing kalangan sanès ingkang wonten oepaminipoen kémawon Coöperatie-tenoen „Roekoen Paniti" ing Madjalaja (Bandoeng). Pakempalan waoe boten kados pakempalan baṭik : namoeng toembas kabetahan sesarengan, nanging oegi njadèkaken-sesarengan saroeng tenoenanipoen para warga.

Toemindaking damel kados déné coöperatie-karèt, mawi katoentoen para ahli sarta mawi dipoen awat-awati Afdeeling Nijverheid ing Departement Economische Zaken.

Anḍaran koela prakawis „Pakarjan coöperatie sarta dagang ing nglebet nagari" waoe koela ngadjeng-adjeng sanget moegi sami pandjenengan toelaraken ḍateng para mitra-karoeh pandjenengan, ing kiṭa oetawi ing ḍoesoen-ḍoesoen. Manawi pandjenengan kresa noeroeti pangadjeng-adjeng koela waoe, pandjenengan boten namoeng ngréntjangi ḍateng Pakarjan, nanging inggih nama toemoet nenangi manahipoen bangsa Priboemi, poeroena migatosaken ḍateng dagang. Wasana pandjenengan kénging dipoen wastani toemoet ngadjengaken econominipoen bangsa.

Kadjawi saking poenika, preloe koela ngatoeri pepènget ḍateng pandjenengan oetawi inggih ḍateng sinten kémawon ingkang roemaos betah katerangan

toemrapipoen bab dagang oetawi coöperatie : sampoen sami èwed-pakèwed ḍateng ing kantoripoen poenggawa Pakarjan coöperatie oetawi dagang nglebet nagari. Poenggawa waoe anggènipoen netepaken, pantjèn preloe kapoerih soeka pitoeloengan ḍateng pandjenengan. Jèn wonten poenapa-poenapa, koela atoeri mlebet kémawon, sarta koela atoeri mratélakaken poenapa kresa pandjenengan. Boten-botenipoen pandjenengan baḍé dipoen goesah. Temtoe baḍé dipoen pitoeloengi. Sampoen roemaos damel ribed doepèh pandjenengan ḍatengi. Pijambakipoen malah bingah manawi saged soeka pitoeloengan. Déné manawi dalem pandjenengan tebih saking panggénanipoen poenggawa waoe, prajogi mawi tjetjala roemijin, sadinten oetawi kalih dinten sadèrèngipoen, soepados pandjenengan sampoen ngantos ketjélik. Awit poenggawa waoe kerep késahan.

Neḍa katerangan mawi serat inggih kénging. Namoeng kémawon serat paneḍa waoe soepados dipoen kanṭèni prangko, preloe kanggé wragad ngintoenaken serat wangsoelan. Oetawi saoeger pandjenengan prasaben, poenggawa waoe temtoe poeroen mampir ing dalem pandjenengan, inggih poenika manawi pinoedjoe poeter mrikoe oetawi kiwa-tengenipoen ngrikoe.

Mireng atoer koela ingkang poengkasan poenika, mbokmanawi ladjeng toewoeh pitakèn pandjenengan :

Lah enggoné poenggawa maoe ngendi bae ? Mila adrès-ipoen poenggawa-poenggawa waoe ing ngriki inggih koela atoeraken :

1. Afdeeling Coöperatie en Binnenlandsche Handel, Departement van Economische Zaken, Molenvliet West 8, ...	Batavia-C.
2. Ambtenaar bij de Coöperatie, Boengsoeweg 69, ...	Bandoeng.
3. Ambtenaar bij de Coöperatie, Kebonbaroe 21, ...	Cheribon.
4. Beambte bij de Binnenlandsche Handelsvoorlichting, p/a Consultatiebureau voor de Nijverheid, ...	Poerwokerto.
5. Vakkundig Ambtenaar bij de Binnenlandsche Handelsvoorlichting, Pendrikan 18, ...	Semarang.
6. Ambtenaar bij de Binnenlandsche Handelsvoorlichting, Kweekschoollaan 8, ...	Djokjakarta.
7. Ambtenaar bij de Coöperatie te Kediri p/a Landbouwconsulent,	Kediri.
8. Vakkundig Ambtenaar bij de Binnenlandsche Handelsvoorlichting, Willemsplein 4, ...	Soerabaja.

9. Ambtenaar bij de Binnenlandsche Handelsvoorlichting, Landraadstraat 25, ... Probolinggo.
10. Ambtenaar bij de Schuldbevrijding, Manondjajaweg 70, ... Tasikmalaja.
11. Beambte bij de Binnenlandsche Handelsvoorlichting, Tjiledoegweg 128, ... Garoet.
12. Ambtenaar bij de Binnenlandsche Handelsvoorlichting, p/a Landbouwconsulent, ... Bandjarmasin.
13. Ambtenaar bij de Binnenlandsche Handelsvoorlichting, p/a Landbouwconsulent, ... Palembang.

Pangadjeng-adjeng koela moegi² awit saking katerangan koela ing nginggil waoe ḍamanga seserepan pandjenengan ing bab Pakarjan coöperatie sarta dagang nglebet nagari. Saladjengipoen moegi-moegi pandjenengan anḍanganana paring pitoeloengan toemoet njebaraken ḍateng tijang kaṭah ing bab wontenipoen Pakarjan ingkang wadjib angoedi inḍaking kawiloedjengan waoe, inggih poenika Pakarjan coöperatie sarta dagang nglebet nagari.

PERPUSTAKAAN NASIONAL RI

INTERNATIONALE CREDIET-EN HANDELS-VEREENIGING „ROTTERDAM"

Manawi badé moendoet ka-betahan Ambaṭik kadosdéné:

Mori peṭak
Siongka Amérika
Siongka Atjéh
Soda Aboe
Soda Api
Soda Atjéh
lan sanès-sanèsipoen

Ḍateng

TOKO ROTTERDAM

I. G. Indanthren

FARBENINDUSTRIE A.G.
FRANKFURT a/M.

ANDAMEL SAWARNINING KABE-
TAHAN AMBAṬIK LAN NENOEN
INGKANG DJENISIPOEN
SARWA NGLALANGKOENGI

Damelan

I. G. FARBENINDU

misoewoer ing saindengin

PERPUSTAKA
K